## Chitsauko 2

## Mugwenga raJuda

*Mwari, imi muri Mwari wangu;*

*ndichakutsvakai mangwanani;*

*Mweya wangu unenyota kwamuri,*

*nyama yangu inokushuvai,*

*panyika yakaoma, inonzwisa nyota,isine mvura.*

*Naizvozvo ndakatarira kwamuri panzvimbo tsvene,*

*kuti ndivone simba renyu nokubwinya kwenyu.*

*Nokuti vunyoro hwenyu vunokunda vupenyu,*

*miromo yangu ichakurumbidzai .*

*Naizvozvo ndichakuvongai ndichiri mupenyu;*

*ndichasimudza mavoko angu nezita renyu.*

**( *Mapisarema* 63:1-4 )**

Mukutsinhira munamato wa Davidi, Mufundisi Spurgeon akanyora achiti: Davidi haana kuregedza kuimba kana kurumbidza Mwari nokuda kwokuti waiva murenje, wakaimba nziyo dzaienderana nenguva yainge ari. Akaimbazve achiti :

"*Mwari muri Ishe wangu, ndinokutsvakai chose:*
*mweya wangu unenyota unotsvaka imi , muviri wangu unoda imi,*
*mukuomerwa nokuneta ndiri munyika isina mvura .*"

Ichi ndicho chimiro chaainge ari panguva yaakanyora pisarema irori. Wainge akatarisana nokuomerwa, asi haana kurasa moyo wakaziva kuti Jehova Mwari ndiye Ishe wake nokusingaperi. Mumazuva ako okuomerwa angangofananidzwa nezvakaitwa na Davidi, paakati: *Mwari muri Ishe wangu. Ndakakuonai muimba yenyu tsvene , tarirai simba renyu nokubwinya kwenyu.*"

Panguva yake yokuomerwa, Davidi akakwanisa kurumbidza nokunamata Jehova, muHutsvene hwose. Zvakanaka kuti ugare uchiyeuka runako rwaMwari kunyangwe wapinda panguva yokuomerwa. Uchirangarira kubata kwaMwari muhupenyu hwako pamazuva aunorarama .

Unorangarira here nguva yawakaona huvapo hwaMwari huri pedyo newe, panguva yawainge uri mukumurumbidza ? Usafunge kuti nguva iyoyo haichakoshi, kunyangwe uri munguva yokuomerwa nhasi. Nokuti, kuomerwa hazvirevi kuti kufa pakutenda kwako. " *Nokuti, vari venyama vanofunga zvenyama: asi vari vemweya, vanofunga zvomweya. Nokuti kufunga kwenyama ndirwo rufu; asi kufunga komweya ndiwo hupenyu norugare; nokuti kufunga kwenyama kunovengana naMwari; nokuti hakuzviisi pasi pomurairo waMwari; hakugoniwo; zvino varimunyama havagoni kufadza Mwari. Asi imi hamuzi munyama, asi mumweya, kana Mweya waMwari achigara mukati menyu. Asi kana munhu asino Mweya waKristu, haazi wake*" **( VaRoma 8:5 - 9** ) Rangarira mazuva awakararama uine hukama hwakanaka naMwari, murangariro iwoyu utendere kuti urambe uripo, kuti ukwanise kufamba mumapani emurenje.

Davidi wakatarisa nokutenda paneramangwana rake, ndokubva anyora achiti:

*" Nokuti rudo rwenyu rurinani kukunda hupenyu,*

*muromo wangu uchakurumbidzai*

*Ndichakurumbidzai mazuva angu ose okurarama,*

*Uye muzita renyu ndichasimudza maoko angu."*

Kurangarira kwakadai kunopa tariro yekuti ukapinda mukuomerwa hazvirevi kuti uchagaramo zvachose. '*Zuva rakanaka ririkuswedera, Mwari havangandisiyi ndiri mukuomerwa nekuneta ndiri munyika isina mvura.*' Unogona kufananidzwa nomumwe mukadzi wakataura kumuparidzi nyaya yevimbiso yake inowanikwa mubhaibheri inoti, "*Zvichapfuura*" Muparidzi akabvunza akati, unomborevei ? mukadzi akapindura akati, Kana nguva yematambudziko kana yokuomerwa yasvika, ndinorangarira shoko rokuti, " Zvichapfuura " nokuti ndinoziva hazvizotori nguva refu zvisati zvapfuura . " *Nokuti ndinoti madambudziko enguva ino haana -kufanira kuenzaniswa nokubwinya kuchazoratidzwa kwatiri.*" Ziva kuti kuomerwa kwenguva yauri, kuchapfuura ( yeuka kuti nguva yokuomerwa yakangofanana nenguva yawaimbofara . )

Zvino kana tichiti gwenga raJudah , tinenge tichirevei ? Nyika ine uchi nemukaka ingaita gwenga sei ? Hongu patinovavarira huMambo hwokudenga tinosangana nezvinotidzivisa zvakawanda, asi zvinoda hushingi, kuti tizova vadyi venhaka pamwe naMwari. Nguva iyoyi inguva yokuzvipira kunamata, kuburikidza nokuzvinyima zvokudya.

***Chidzidzo chedu chanhasi***

Bhaibheri rinotidzidzisa kuti, zvose zvakaitika kuvana vaIsrayeri , murwendo rwavo rwokutenda, zvinoenzaniswa nohupenyu hwedu hwatinorarama nhasi. Pauro anoti, " *Zvino, izvi zvakavawira, kuti vave zviratidzo; zvakanyorwa kuti tinyeverwe isu, takasvikirwa nokuguma kwenyika:*" ( **1VaKorinte 10:11)**

Zvoreva here kuti vana vaIsrayeri zvavakafamba nomugwenga nesuwo tinofanirwawo kufamba namo ? Kana tichifamba mukuomerwa tingati ndizvo zvinofadza Mwari here ? Kune vamwe vanhu vanoita sevagere zvakanaka, zvinoreva here kuti ndivo vanofadza Mwari ?

***Zvinofanirwa kuzivikanwa***

Mutendi wose anofanira kunzwisisa kuti, kana achirarama munguva yokuomerwa pamweya wake, haafaniri kushushikana nazvo.Nguva zhinji mutendi anodzungaira pamweya wake nokuda kwekuomerwa, asi mukuomerwa imomo ndimo matinowana kusimbaradzwa kworutendo rwedu. **Spurgeon** akati, *Nguva yokuomerwa komweya ndiyo nguva Mwari yaanofarira kusangana newe.*

Mosesi wakasangana naMwari arimugwenga, zvimwechetewo naElija, Davidi naPauro. Usakanganwewo kuti kunyangwe naIshe Jesu Kristu akatungamiririrwa noMweya kurenje kuzoidzwa naDiaborosi ”
**(Mateo 4:1)**

*“Mweya unozvipira kuda kuona Mwari uchanyaradzwa nokuzviratidza kwa Mwari apo unenge uri murenje pakutambudzika kwako”*
(**Christopher Wordsworthy**)

Kazhinji mutendi haanzwisisi hurongwa hwaMwari panguva yaanenge arimukuomerwa, apo anoona semwenje wadzima. Nokuda kwekusaziva zvinodiwa naMwari, kazhinji unorasikirwa namakomborero anobva kunaMwari. Isaya Muprofita wakabvunza mibvunzo wokuti, *“ Ndiani uripo pakati penyu unotya Jehova, unoteerera inzwi romuranda wake? Unofamba murima,asine chiedza.”(***Isaya 50:10a** *)*

Uyu mubvunzo unoita seunotyisa, asi zvinogoneka kutya Jehova, kuteerera izwi rake kunyangwe uchifamba uri murenje usingaoni chiyedza. Ndinoona kuti mutendi anosangana nohupenyu hwakadai, haafaniri kurasa moyo. Muprofita Isaya wakatiraira zvikuru mumagwaro ake. achiti, “*Ngaavimbe nezita raJehova asendame kunaMwari wake” (***Isaya 50:10b***)*

Usave nekukahadzika kana Mwari vachiita sevasiri pedyo kana kusava nerudo newe, munguva yaunenge uri mugwenga .Rindira, enderera mberi uchivimba naMwari kunyangwe uchiona sepasina shanduko. Muprofita Isaya anoyambira vose vanoedza kutungidza mwenje yavo, apo Mwari vanenge vaidzima. Mwari vanodzima moto wevakadaro. “ *Tarirai imi mose, munobatidza mwoto, munozvisunga zviuno nezvitsiga; fambai mumurazvo womwoto wenyu, napakati pezvitsiga zvamakabatidza. muchapiwa izvozvo noruoko rwangu, muchavata pasi muchitambudzika.*”
**(Isaya 50:11)**

Dzimwe nguva Mwari anokupfuudza nemugwenga achida kukupa mukana wokuti uvimbe Naye munguva yokuomerwa, usingavimbe nesimba rako, kana kuzvimisira zvifananidzo, zvaunganamata, sezvakaita vana vavaIsrayeri vakazvitsvakira vamwe vamwari, nokuda kokusateerera nokusavimba naJehova.

*Ziva Chokwadi*

Chokwadi ndechekuti, kuva mugwenga Mwari haana kukuramwa, kana kuti uri panguva yokurangwa. Asi inzvimbo yevimbiso nokuropafadzwa. Ukatadza kuziva kuti uri panguva yevimbiso nekuropafadzwa, Satani muvengi wemweya wako, anorwa hondo newe achitsvaka kukuparadzanisa naMwari. Anozviita nokuti anoziva kuti mweya wako unenge wakadzikira.

Satani anotora mukana wokutitambudza paye patinenge tichitsvaga chiso chaMwari, panguva yekuomerwa kwedu. Isu patinofunga kuti Mwari vatifuratira, takaomerwa munzira dzose, Satani anoda kuti tikahadzike pamusoro perudo nokutendeka kwatinowana kubva kunaMwari . Anoda kuti tisava nechokwadi , nechengetedzo yatinayo munaKristu Jesu Ishe wedu. Izvi zvinokonzera kunyunyuta, tichizvitaura kunavamwe vakaneta pamweya yavo, vasingagone kutibatsira uye vasina kuvimbika. *Kana uri pakutsondorotswa unotsvaga vamwe vangakufarirewo*. Satana panguva yakadai anoda kuti tifunganye, tichizvitsvagira zvimwe zvinhu zvingatinyaradza panguva yokuomerwa. Anodisa kuti uwire muchivi, zvigokonzera kumhura Mwari.

Chokwadi, izvi ndizvo zvimwe zvinoshingairira Satani kuita kwauri nguva dzose, paunenge uri pakuomerwa. Satani anogona kubudirira pamabasa ake akaipa kana ukasatsvaka Mwari, kunyangwe panguva yokutambudzika. Muprofita Hosea wakati: " *Vanhu vangu vaparadzwa nokushaiwa zivo ; zvawaramba zivo, neni ndichakurambawo, kuti urege kuva muprista wangu; zvawakanganwa murairo wa Mwari wako, neniwo ndichakanganwa vana vako*." **(Hosea 4:6)**Jesu wakati, "*Muchaziva zvokwadi, nezvokwadi ichakusunungurai" (***Johane 8:32**) .

Ngatizivei kuti hachizi chokwadi chinoita kuti tisunungurwe, asi kuti chokwadi chatinoziva. Kana tikasaziva chokwadi, zvoreva kuti chokwadi hachingave nemutsauko muhupenyu hwedu. Satani anoziva izvi zvose, anoda kuti tirambe tiri murima , tisingazive chokwadi, nezvemuraramiro wakanaka unowanikwa muna Kristu Jesu.

Pazvikamu zvinotevera zvauchaverenga, ndichaedza kukubatsira, kuti uzive zvinhu zvinokwana zvishanu zvazvokwadi , zvinogona kukusunungura munguva yokuomerwa. Ukanzwisisa zvandichatsanangura zvichakubatsira, kuti ukwanise kufamba wakachengetwa murwendo

rwako rwomurenje. Ramba wakatarira mberi, uchitsvaka musha wako, muvaki wawo ndiMwari.